



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

KISA YON “SITASYON” YE ?

Yon “**Sitasyon**,” ki rele yon “tikè” tou, se yon dokiman ki fè yon moun oswa yon biznis konnen yon ajans Minisipalite Vil New York la te akize li pyon vyolasyon yon lwa, règ, oswa règleman Vil New York epi li di moun sa a, oswa yon reprezantan li, dwe prezante nan OATH nan yon sèten dat pou reponn akizasyon sa a. Yo ka livre Sitasyon yo swa fas-a-fas, pa lapòs, oswa yo ka menm “affiche” (sètadi kole) li nan pòt moun oswa biznis la.

Fason yo livre sitasyon an ba ou a rele “**sèvis**.” Sèvis enpòtan paske gen règ espesifik sou kijan yo dwe livre yon sitasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason yo dwe livre yon sitasyon ba ou, tanpri pale ak yon reprezantan Sant Èd Oath.

KI ENFÒMASYON KI TA DWE NAN YON SITASYON ?

1. Non ak adrès (si yo konnen li) moun oswa biznis yo akize ak yon vyolasyon. Yo rele moun oswa biznis sa a “**akize**” a.
2. “Yon deklarasyon ki klè ak tou kout ap ase pou enfòmasyon” akize a “enfòmasyon enpòtan” ki montre vyolasyon y ap akize li a, tankou dat, adrès, ak lè a.
3. Ase enfòmasyon pou akize a genyen “notifikasyon espesifik sou seksyon nan lwa, règ, oswa règleman an yo akize li te vyole a.”
4. Ase enfòmasyon pou akize a kapab “kalkile sanksyon maksimòm” li pral genyen si yo twouve li te komèt vyolasyon an oswa vyolasyon yo.
5. Di akize a dat, lè, ak adrès yo pral fè jijman an. Dat la dwe omwen kenz (15) jou kalandriye apre yo te bay sitasyon an, men, akize a ka mande pou yo fè jijman an anvan sa.
6. Di akize a si li pa vini nan jijman an, yo pral twouve li “koupab vyolasyon an” otomatikman.
7. Ase enfòmasyon pou di akize a dwa li anba Règ OATH yo.

SI SITASYON OU A MANKE NENPÒT NAN ENFÒMASYON YO NOU SOT BAY ANWO A, LI T AP BON POU OU SI W DISKITE SA PANDAN JIMAN OATH OU A.